Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 8 (6527) 13 февраль 2017 с. Итни Жумадул авал 1438 с. Багьа 5 гъур.




БАРКИ

## ХIурматиял афгъаналъулал!

**15 февралалда кIодо гьабула Афгъанистаналдаса рагъулал тунка-гIусиязда гIахьаллъарал советиял аскарал нахъе рачараб къо.**

Интернационалияб налъи тIубазе гьенире ритIарал нилъер гIолохъабаз бахIарчилъиялъулги къо хIехьеялъулги мисал бихьизабуна. Гьезул багьадурал ишазул мисал дарслъун букIина гIолеб гIел ВатIан бокьизе куцаялъе. Нилъеда киданиги ракIалдаса инаро Афгъанистаналда къадаралде щварав Аргъваниса МухтарахIмад КъурамухIамадов.

РакI-ракIалъ баркула рагъухъаби – интернационалистазда гьеб байрам. Гьарула щивасе щулияб сахлъи, хъизан-рукъ рекъараб, парахатаб ва талихIаб гIумру.

Биччанте кидаго ракьалда рекъелги рохелги букIине!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Шайих Шамилил къиса бицинин нужеего

### КIудияв имамасул ва гьесул гьунарал хъварав гIалим, шагIир Игьалиса Чупаласул къисмат

**2017 соналъул 4 февралалда Авартеатралда тIобитIана Шамил имам накълулъараб къо ракIалде щвезабулеб мажлис. Исламалъулги Кавказалъулги бахIарчи Шамил имам къадаралде щваралдаса 146 сон сверана исана. 1871 соналда Мадинаялда БакъигIалъул хабалалъ МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) имгIал ГIаббасида аскIов вукъана Шамил имам.**

Гьединго, имамул агIзам гьаб дунялалде вачIаралдаса 220 сонги тIубала исана. Дагъистаналъул жамгIиял идарабаз хитIабал гьарулел руго, исанасеб сон, нилъер республикаялда гуребги, Шималияб Кавказалдаго Шамил имамасул лъагIелллъун лъазабеян. Имаматалъул заманалдаго Турциялъ жиндие генералиссимуслъи кьурав, тIадегIанаб макъамалъул инсан Шамил имамасул хIакъалъулъ хъварал бищун камилал назмабазда гьорлъ руго Инхоса **ГIали-хIажиясул** ва **Игьалиса Чупаласул** асарал.



Гьелги цIалана рехсараб мажлисалда.

### Лъабго имам вахъун, хъублъи бацIцIана

Исана 4 февралалда Авартеатралда букIараб данделъиялда кIалъазе рахъана Унсоколо мухъалъул имам **ГъазимухIаммад-хIажи Абакаров,** «АхIулгохI» ва «Унсоколо» жамгIиял идарабазул вакилзаби, тарихиял гIелмабазул доктор **ХIажи Мурад Доногъо,** Авартеатралъул нухмалъулев **МухIамадрасул МухIамадрасулов,** Дагъистаналъул мустахIикъав артист **ХирамухIамад ХирамухIамадов** ва цогидалги. Тарихалдасан нилъеда лъала Имамат гIуцIиялъулъ бакълъулазги кIудияб хIаракат бахъараблъи. 1839 соналда цо заманалда ЧIиркъатIа росу букIана Имаматалъул тахшагьарлъун. КIудияб рагъ ккана Аргъвани росулъ. Килдерил РочIчIоб мегIер ккола имамасул щулалъи букIараб бакI. Шамил имамасул наибзаби камураб росу букIинчIо бакълъулазул жамагIаталъул. Имамасул щуго мудирасул (генераласул) цоявлъун вукIана Аргъваниса Абакар-дибир. Аллагьас хъван батани, кIудияв имамас 220 тIубалеб гьаб соналда нилъ цIидасанги тIадруссина Имаматалъул бахIарчияб, инсаниятго хIайран гьабураб тарихалде. КIудияб Кавказалъул рагъулъ ва Имамат гIуцIиялъулъ бакълъулаз лъураб бутIаялъул хIакъалъулъ макъалаби рахъизе руго 2017 соналда «Гумбет» басмаялда.

Информациялъул «Гумбет» гIуцIиялъ ва «Гумбет» басмаялъ 2015 сон бакълъулазул районалда Инхоса ГIали-хIажиясул сонлъун лъазабун букIана. МагIарул адабияталъе кьучI лъурав шагIир, гIалим, гIакъил Инхоса ГIали-хIажияс 170 сон тIубай лъикIаб даражаялда тIобитIана. Исана Игьалиса Бияхъайил Чупалав гьавуралдаса балеб буго 140 сон. Гьединлъидал, Гумбет районалда гьаб сон гIалимчи, шагIир Чупаласул лъагIелллъун рагIизабизе пикру ккана «Гумбет» басмаялъул. Шамил имамасул 220 сон ва Чупаласул 140 сон кIодо гьаризе руго «Гумбет» газетаялъ, гьезул хIакъалъулъ макъалаби рахъиялдалъун.




Чупаласул асаразулъ кIудияб бакI ккола Имаматалъул ва Шамил имамасул темаялъ. Гьединлъидал, гьев гIалимчиясул асарал цIалиялъ нилъее жеги хиралъизе вуго имам. Инхоса ГIали-хIажиясулги Игьалиса Чупаласулги асарал мустахIикъал руго школазда щвалде щун малъизе. Амма гьел хрестоматиязде росун гьечIо. КъватIисел улкабазул тарихги адабиятги цIикIкIун лъала цо-цо магIарулазда, дунял пана гьабураб нилъерго тарихги кIвар кьечIого тун. Гьеб мекъи буго. Манкуртизм абураб унти кккола гьеб. ХIажат буго нилъехъего тIадруссине, нилъго лъазаризе, нилъго ричIчIизе.

### Чупаласул асарал – бахIарзазе чIварал занал

МагIарулазул машгьурав литературовед, филологиял гIелмабазул доктор, жиндир мунагьал чураяв Сиражудин ХIайбулаевас Бияхъайил Чупаласул тIехьалъе цебегIиялда гьадин хъвана:

«АнцIила ичIабилеб гIасруялъул ахиралда ва къоабилелъул авалалда жал кIудияб хIаракаталда, жигаралда хъвадарулел рукIарал магIарулазул шагIирзабазул къокъадулъ мустахIикъаб бакI ккола Игьалиса Чупалас.

Гьесул цо-цо асарал, хасго гъазаваталъул назмаби,


**(Ахир - кIиабилеб гьум.)**


НОМЕРАЛДА РУГО:



**Флюорографиялъул хьвадулеб алат гьечIо**


-2 гьум.




**Халкъияб лъайкьеялъул отличник ва жавабчилъи цIикIкIарав редактор**


-3 гьум.




**Холезул къадар 13 проценталь дагьлъана**


-3 гьум.




**Игьалиса МухIамад МуртазагIалиев бергьана грекезулгун римазул речIчIухьанлъиялда**


-4 гьум.

# Шайих Шамилил къиса бицинин нужеего

(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)

халкъалда гьоркьор тIиритIун ругониги, живго шагIирасул гIумруялъул хIакъалъулъги адабияб ирсалъул хIакъалъулъги нилъехъе жакъа къоялде кодоре щварал баянал ва хIужаби цIакъго мукъсанал рукIана. Гьанже гьеб нилъер адабиятальул гьумер, тарихияб кIваралъул гьумер рагьизе кIудияб, тIадегIанаб къиматалъе ва реццалъе мустахIикъаб хIалтIи гьабуна **ИбрагьимилГIабдулпатахIица.**

ГIемерал соназ Чупаласул ирсалда хадув лъугьун, гьесул ватIаналде, сверухъ ругел росабалъе щун, гIалимзабазда, цIикIкIарал гIадамазда цIехон, доб заманалда рахьарал тIахьаздасан баян гьабун, хIатта КГБялъул архивалде ваккун, гьесда кIвана шагIирасул адабияб ирс данде гьабизе, гьеб тартибалде ккезабизе, гьелъул къучIалда камилаб мажмугI гIуцIизе ва гьеб басмаялде бахъизе.

ГIабдулпатахIица гьабураб хIалтIиялъул цоги хасият буго. Чупаласул хIакъалъулъ ругел абиязда, бициназда, хабаразда гIей гьабичIого, гьес шагIирасул ясазда: Кавсаратида ва НагIалида гьарун, къезарун руго жиндирго Чупаласул квералъ хъварал, захIматго нахъе цIунарал гьесул асарал, гьединлъидал, абизе ккола ГIабдулпатахIил баяналги хIужабиги къучIал, камилал, щакълъи гьечIел ругилан.

Берцинго, жиндирго хIалалаб магIишаталда вукIарав машгьурав гIалимчи 1937 соналъул 29 июлалъ НКВДялъул хIалтIухъабаз ккун уна.

ЦохIо бахIарчиго, абизе ккаралъуб чIор гIадин битIараб рагIи аби гуребги, Чупаласул «Инхоса Сиражудин-хIажиде» абураб асаралъул иман гьечIеб къокъаялъе букIана тIадеги цоги хIинкъиги. Гьес халкъалъе загьир гьаруна лъидаго лъаларедухъ бальго рахчун рукIарал ккун аразулги, жанир тIамуразулги, чIваразулги цIарал. Гьес кьватIире рахьана кире аралали лъачIого тIагIине гьарурал лъикIал гIалимзабазулги диниял жигарчагIазулги цIарал, къуна гьезие мустахIикъаб къимат, къокъ гьабун абуни, гьес гIадамазе рагьана гьезда лъаларел бальголъаби.

ХIакъикъаталдаги Чупалав гIалимчиги лъикIав инсанги вукIана. Дин тIибитIизе гьабулев, гьелъул къадру борхизабулев, гьеб щула гьабулев чилъунги вукIана. Гьелъие сайгъат гьабула гьес жиндирго шигIрияб гьунарги. Гьеб магIнаялъул руго гьесул аслиял асаралги: мавлидал, вагIзаби, туркаби.

Гьес жиндирго къалмикье росана нилъер диналъул кIвар бугел лъугьа-бахьинал, хасго МухIамад аварагасул (с.т.гI.с.) гьазаватал. Гьеб мурадалъе гIоло гьес хьвана «Бадруялда ккараб рагъ», «Хайбар хъала бахъи», «Авараг Шамалде ин», «Хадижат ячин» ва гь. ц.

Гьал нилъеца рехсарал асарал рахьун руго цо-цо гIажам тIахьаздаги, амма гьел хьварав чиясул цIар бихьизабун гьечIо.

Чупаласул жиндирго кверальъ, жинцаго гьабураб мажмугIалда асаразда гьорлъ хьухьун буго, угьун буго жиндирго цIар:

ГIажамалъ букIаниги, Авараг веццунлъидал
Игьалиса Чупалас эсул сиярал хьварал,
СагIадаталъул агълу алжаналде унелъул,
Аман, дун рехун тоге, Халикъасул мушапагI.

Гьединабго магIнаялъул мухьал руго Чупаласул «Хайбар хъала бахъиялъул» къасидаталъулъги:

Халкъалъул Сайидасул сиярал хьвана дица,
Дирго гьаруралщинал мунагьазул хиялалъ.
Дунги - дур гIасияв лагъ, бусурбаби рокьулев
Бияхъайил Чупалав, чуре, Аллагь, мунагьал.

Гьединго Чупалас цIакъ кIудияб рокьиялдалъун, махщалида загьир гьабун буго мугIрузул халкъалъул къеркьей. «АхIулгохI бахъиялде», «Цересел бахIарзазде» абурал кIудиял, щвалде щварал асаразулъ гьес рехсон руго киналго бахIарзазул хIакъикъиял цIарал, гьезул гьайбатал ишал, гIадан тамашалъизе гьарулел гьунарал. Чупаласул асарал ккола нилъер бахIарзазе, кватIун ругониги, чIварал занал. Чупалас рикIкIунаан ДагъистаналъегIе, магIаруллъиялъе тIадегIанлъи, машгьурлъи, цIар щвезабурал шартIазул аслияб лъабго бугин: халкъалъул бахIарчияб тарих, ВатIаналде бугеб рокьи, гьеб халкъалъ гIуцIараб гIелму ва гьеб цебе тIезе гьабурал гIалимзаби, гьеб кинабго халкъалъе загьир гьабурал ва хадусеб гIелалъеги цIунарал шагIирзаби.

Гьеб лъабабго рахьалъе наълулавлъунги, гьезул ирсилавлъунги гьес живгоги рикIкIунаан ва гьезие, хвалил хIинкъиялде вачIинчIого, ракIбацIцIадго, гьайбатго, берцинго хьулухъги гьабуна. Чупаласул бицунаго, ракIалде рачIана Инхоса ГIали-хIажияс хьвараб назмуялъул рагIаби:

ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго,
ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро».

### Имамзабиги тIагIун, Дагъистан хараблъидал

«Дагъистан» абураб поэмаялда Шамил имамасул гьадинаб камилаб сипат гьабулеб буго Игьалиса Бияхъайил Чупалас:

Лъабабилев имам Генуса Шамил
Суннат, варагIалъул мегIер вукIана.
Машгьурав багьадур, диналъул буцур,
ГьазимухIамадил кваранияб квер.
Жанисангин тIасан тIолго берцинав,
ТIолалго мукIурав гьалбацI вукIана.
Кьоло щуго соналъ пачагун кьеркьон,
Дагъистан халкъалда машгьур гьабуна.

«Игьалиса Чупалас данде гьабураб турки Гьаракь берциназ ахIе, ияхI бугел гIенекке», - гьединаб, Бакъбаккул адабияталдасан бачIараб къагIидаялъ лъугIизарун руго шагIирас жиндирго асарал. Гьеб ккола гьулбас гьаби гIадаб жо. Щивав махщалилас гьединаб гьулбас, мугьру тола жинца гьабураб алаталда. Халкъалда гьоркьоб цIакъго машгьурлъи щвана гьев назму ахIулел гьунарчагIаз гIемер ахIула Чупаласул «АхIулгохI бахъиялде» абураб панаяб поэма. Гьадин байбихьулеб буго гьеб асар:

«Мисри-Шамалда ругел шайихзаби данделъун,
Курратул гIайнуйилан, Маккаялде ахIарав,
Мадинаялда ругел ханзаби данде рачIун,
Айаругъал Жалилан, жиндир цIар берцинлъарав

Шайих Шамилил къиса бицинин нужеего.
ШапагIат насиблъаяв шайих Шамил-апанди,
Шамилил квербакъарал киналго шугьадаал,
Шугьадаазул къиса бицинин нужеего.
Имамасул гохIалда шаргIалъул байрахъги чIван,
Азаралда ункънусго чи жаниве лъугьана.
Азаралда ункънусго чи вуссараб гохIалда
Цо кIикъого чийила хабаралъе хутIарав.
Гьебщинаб рухI бахьараб гIешдерил АхIулгохIда
Я молода росичIо, я росонир чуричIо,
РетIухъего чухъбигун, къавухъе чалмабигун,
Чвахулаго ругьналгун, ккара-ккаралъур лъуна.
АсхIабзаби гьурараб Бадру, УхIудалдаги,
АхIулгохIда гIадинаб, хIалилаб рагь ккечIила…»

Чупаласул «Цересел бахIарзазде» абураб асаралъул, литературияб, художественнияб кIвар гуребги, кIудияб тарихияб магIнаги буго. Гьенир рехсон руго Имаматалъе квербакъарал ва Кавказалъул рагъда гьазаваталда гIахьаллъарал гIемерал рагъухъаби. Гьединлъидал, гьеб назму рикIкIине бегьула, гIицIго литературиябльун гуребги, кьучIаб, документалияб, хроникаялъулаб, тарихияб асарлъун.

Гьаб макъалаялда гьеб туркиялъул авалалдаса чанго мухъ къолеб буго:

Имамзабиги тIагIун, Дагъистан хараблъидал,
Хваралги ракIалде щун, шигIру гьабун бихьизин.
ШаргIалъул наибзаби аб дуниял тун индал,
Дин бокьарал гIодизе, гIажамалда кIалъазин.
Лъабавго имамасул манакъибалги рицун,
Къварилъарал угьдизе, лъабго рагIи абизин.

Гьединаб тIадегIанаб цIа рекIелъ гьалдолев инсан вукIана Игьалиса Бияхъайил Чупалав. Гьесул щибаб рагIиялъ, щибаб мухьалъ бицунеб буго Кавказалъул имамзабазде гьесул букIараб бергьараб рокьиялъул хIакъалъулъ, гьесул шигIрияб, адабияб гьунаралъул камилаб даражаялъул хIакъалъулъ.

Инхоса ГIали-хIажиясул ирс босарав, амма жиндирго нух ккун арав, атеизмалъул гIуцIиялъе жив данде ккечIев, кIудияб къисматалъул, къадруяб гьунаралъул инсан вукIана Бияхъайил Чупалав. Нилъее тавпикь кьеги гьесул асарал цIализе, рекIелъе риччазе, лъазаризе; нильеда ияхI батани, гьес хьвавухъе, гьелги цIалун, пашманлъизе, пикру гьабизе, кантIизе, напсалдаса бергьине, хасияталъулъ гIаданлъи цIикIкIинабизе. Амин.

**ГIизудинил ХIамзат**

ТIИБ

# Флюорографиялъул хьвадулеб алат гьечIо

### Санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул данделъи.**

Гьоркьор лъуна «2017 соналъе санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул планалъул хIакъалъулъ», «Районалда 2016 соналъ рахунел унтабаз гIадамал унтиялъул букIараб гIал ва гьеб гIодобе ккеялъе тадбиразул хIакъалъулъ», «Гриппалъ, ОРЗялъ ва ОРВИялъ унтиялдаса гIадамал цIуниялъул хIакъалъулъ», «Экологиялъул сон гIуцIа-къан тIобитIиялъул рахъалъ сахлъи цIуниялъул учреждениязда церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ» суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъай гьабуна санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул нухмалъулев **ХIайбула ГIабдурахIмановас.** Бицана 2016 соналъул план тIубаялъул ва комиссиялъул членазул лъай-хьвай гьабуна 2017 соналъул планалъулгун. Баркала кьуна комиссиялъул хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабиялъухъ комиссиялъул членазе.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе яхъарай районалъул больницаялъул фтизиатр **Халисат ГIалиеваль** абуна араб соналъ рахунел унтабаз гIадамал унтиялъул хIужаби дагьлъанин, туберкулезалъ унтарал загьир гьариялъулъ захIмалъаби дандчIвалел ругин хьвадулеб флюорографиялъул аппарат гьечIолъиялъ.

Рахунел унтабаздаса цIуниялъул ва сахлъизариялъул рахъалъ тIоритIулел тадбиразул бицана районалъул хIималазул тохтур **Марьям Жанахъаеваль** ва районалъул терапевт **Камил Расуловас.** ТIадчIей гьабуна грипп, ОРЗ, ОРВИ ун-



табазда, абуна гриппалда данде 2500 чиясе укол гьабунилан.

Хадув кIалъазе вахьарав районалъул больницаялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовас** абуна рахунел унтабаз гIадамал унтиялъул хIужаби дагьлъаниги, республикаялда гьоркьохьеб хIисабалда бугеб даражаялдаса Гумбеталда гьел цIикIкIун ругилан ва дагьлъизариялъе гIоло жигаралда хIалтIизе кколин.

2017 сон экологиялъул лъагIеллъун лъазабун букIиналда бан, районалда гьеб гIуцIа-къан тIобитIиялда хурхун церечIарал масъалабазул бицана ХIайбула ГIабдурахIмановас. «Районалъул территориялда санитарияб хIалги лъикIлъизабулаго, экологиялъул лъагIел нухда регIиялъе гIадамазда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи гIуцIиялъулъ кIудияб роль тIаде ккола медицинаялъул хIалтIухъабазда. Районалъул администрациялъ къабул гьабун буго экологиялъул сон тIобитIиялда хурхун хIукму, тасдикъ гьабун буго план ва щивав жавабияв чияс гьеб тIубаялде кIвар кьезе ккола», - ян абуна ГIабдурахIмановас.

Данделъиялда гьоркьор лъурал суалазда тIасан гIатIидал хIукмабиги къабул гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ. ГIЕЛМУ - ХАЗИНА

# Гъоркь Инхо школалда студентазулгун дандчIвай

**Ункъабилеб февралалъ Гъоркь Инхо росдал школалда тIобитIана цIалдохъабазулги студентазулги дандчIвай. Гьенире рачIун рукIана Дагъистаналъул тIадегIанал заведениязда цIалулел ругел студентал.**

Гьеб тадбиралъул аслияб мурадлъун цIалдохъабазул лъай босизе бугеб гьира борхизаби, цIалудехун гьезул рокьи бижизаби, гIелмуялъ гIадамасул тIабигIат, хьвадачIвади берцин гьабулеблъи бихьизаби ккола- лилан абуна школалъул директор **МухIамад Жамалудиновас.** Гьединабго магIнаялъул кIалъаял гьаруна директорасул заместителал **МахIмуд ИбнумасхIудоваcги, МухIамад МухIамадовасги.** Хадуб студентаз бицана цIалдохъабазе жидерго цIалиялъул ва гIумруялъул, цIалдохъаби гьез ахIана жигар бахьун цIализе хадубккун жидеего ракIалъе къабулаб махщелги тIаса бищун, гьелде кIвар буссинабизе.

**Исрапил Заирбегов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАСМА- БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ТАРИХ
«ГУМБЕТ» ГАЗЕТАЛЪ 65 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## «Гумбет» басмаялъул бетIерал редакторзаби

# Халкъияб лъайкьеялъул отличник ва жавабчилъи цIикIкIарав редактор

### Хункар МухIамадбеков

**ЛъаратIа байбихьул школа лъугIун хадув гьоркьохъеб школалда цIалана МелъелтIа. ПедхIалтIухъаби гIолел гьечIолъиялъ 1950 соналъ гьоркьохъеб лъай бугев гьев тIамуна Ингишо школалъул учительлъун. ТIадегIанаб лъай щун хадув, гьенив гуревги Хункар хIалтIана ЛъаратIа, МелъелтIа, Аргъвани, ЧIиркъатIа, Килалъ гьединго Хасавюрт, ЦIияб Лак районазда учительлъун, Шамил имамасул цIаралда бугеб Кавказалъул халкъазул университеталъул биологиялъул факультеталъул деканлъун ва гь. ц. бакIазда.**

1965 – 1968 соназ МухIамадбеков хIалтIана районалъул «Вождасул васиятал» газеталъул редакторлъун. Казбек районгун цолъизабун букIараб нилъер район цIидасан гIуцIун хадуб, районалъул газета бахъизе байбихьана 1965 соналъул 15 июлалда. Типографиялъе къваригIараб печаталъул оборудование балагьизеги махщалилал тIаса рищиялъеги гIемераб хIалтIи гьабуна Хункарица. Коллективгун хIалтIизе бажари бугев, райгазеталдасан къватIибе кьолеб информация мухIкан гьабулев, хъвадаризе махщел бугев, тIадаб хIалтIи намус бацIцIадго тIубалев ва гьеб кинабго цадахъ хIалтIулездасаги тIалаб гьабулев нухмалъулев вукIана гьев.



МухIамадбеков мустахIикълъана «Халкъияб лъайкьеялъул отличник», «ДРялъул лъайкьеялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абурал цIаразе.

# МухIканлъи бокьулев нухмалъулев

### АхIмад СагIидов

**МелъелтIаса АхIмад СагIидов гIагараб росулъ 10 класс лъугIун хадув тIадегIанаб лъай щвезе МахIачхъалаялде цIализе ана ХIалтIана батIи-батIиял хъулухъазда. Партиялъул Гумбет райкомалъул гIуцIиялъул отделалъул нухмалъулевлъун вукIарав АхIмад, 1968 соналъул сентябралда тIамуна районалъул «Вождасул васиятал» газеталъул редакторлъун. КIудияб сабруялъул, гIодове виччарав, гьабулеб хIалтIулъ мухIканлъи бокьулев нухмалъулев вукIана гьев.**

Хъизан-лъималгун АхIмад гочана ЦIияб Лак районалъул ЦIияб МелъелтIа росулъе. Дол рукIана Дагъистаналда ракь багъарун хадусел, мелъелдериеги минабазе зарал кьун, гIатIиракьалде цоцоял гочине байбихьарал сонал. ЦIияб МелъелтIа АхIмад хIалтIана росдал бе-



гавуллъун, совхозалъул участкаялъул заведующийлъун.

АРАЛДА ТАМАНЧА РЕЧIЧIАНИ...

# Гъадари росулъ цIияй фельдшер - Надежда Лопаткова...

### Щиб хъвалеб букIараб 1953 - 1956 соназ «Гумбеталъул колхозчи» газеталда

### ЦIияб иццц

**Цебегоялдаса нахъе Гумбет районалъул ЧIиркъатIа росдал жамагIаталъ хIалтIизе гьабулеб букIана тIагIам гьечIеб, лъикIаб гуреб лъим.**

Гьанже гIагарда колхозчагIаз цIикIкIараб хIалтIиги гьабун росулъе лъикIаб иццул лъим бахъун буго. Гьеб росулъе бачун буго лъабго километраялъул манзилалъ рикIкIад бугеб мугIрул иццалдасан. Росу тIубанго лъедалъун хьезабун буго.

**А. МуртазагIалиев**

### Хьитал рукъулеб бакI рагьана

**Райпоялъ гьал къоязда райцентралда хьитал рукъулеб мастерская рагьун буго. Мастерская хIалтIулеб буго бихьизабураб заманалда рекъон.**

Хьитал рукъулеб мастерская рагьиялъ рес кьезе буго гIицIго райцентралъул хъулухъчагIазул хIажатал тIуразе гуребги МелъелтIа росдал Тельманил цIаралда бугеб колхозалъул колхозчагIазул гьеб рахъалда хурхарал тIалабал тIураялъеги.

**П. МухIамадов**

### Росабалъ лъимал гьарулел рукъзал рагьана

**ГьанжелъизегIан Гумбет районалда цо гурони лъимал гьарулеб рукъ букIинчIо. Гьебги букIана гIицIго районалъул централда.**

Дагьав цеве ДАССРалъул сахлъи цIуниялъул министерствоялдасан МелъелтIе вачIун вукIана Малик МахIачов абулев чи. Сахлъи цIуниялъул министерствоялъ гьесда тIад къан букIана нилъер районалъул росабалъ лъимал гьарулел рукъзал рагьизе.

ГьанжелъизегIан гьединал рукъзал гьаруна ГIаркьухъ, Аргъвани, ЧIиркъатIа, Гъоркь Инхо ва ЦIиликь росабалъ. Гьединго лъимал гьаризе улбул унел рукъзал рагьиялъе хIалтIи гьабулеб буго ТIад Инхо, ЦIунди-Щабдухъ, Данухъ ва Килалъ росабалъги.

Лъимал гьаризе улбул унел рукъзал рагьиялъе цIикIкIараб хIалтIи гьабуна районалъул сахлъи цIуниялъул отделалъул заведующий М. Мудуновасги.

**М. ГIалиев**

### ЦIиял бакIал ралел руго

**Гумбет районалъул ТIад Инхо росдал Молотовасул цIаралда бугеб колхозалда араб хасало гIи-боцIуе минаби гIолел рукIинчIо.**

Гьебги хIисабалде босун колхозалъул правлениялъ гIи-боцIуе минаби разе байбихьун буго. Росулъ 10 чуялъе, 50 гIакаялъе сараял ралел руго. Гьенир мисал бихьизабун хIалтIулел руго колхозчагIи М. ГIабдукъадиров, М. Мусалаев, М. МухIамадов ва цогидалги.

**ГI. МухIамадов**

### Гъадари росулъе фельдшер ячIана

**Гъадари росулъ фельдшер гьечIелдаса 4-5 сон букIана. Росулъ гIадамал унтаниги, гьелдалъун унтаразе хехаб куцалда медицинаялъул кумекги щолароан.**

Исана росулъе фельдшерлъун хIалтIизе ячIана Надежда Лопаткова. Росулъ чIезабун буго медицинаялъул кумекалде хIажатазе дару, хIалтIулеб буго медицинаялъул пункт, гьелъие хасаб рукъ тIаса бищун буго.

Лопатковалъ росулъ рацIцIалъи чIезабиялде кIвар кьолеб буго. Узухъда, гьелъ росулъ унта-щокълъи бижизабулел жал тIагIинаризе рукIинги баянаб жо буго.

Фельдшералъ санитариял темабазда чанго нухалъ гара-чIвариялги гьаруна.

**А. ГIалиев**

ТIИБ

# Холезул къадар 13 проценталъ дагьлъана

### Гумбет районалъул больницаялъ 2016 соналъул хIалтIул хIасилал гьаруна

**Гумбет районалъул медицинаялъул хIалтIухъабазул данделъиялда хIасилал гьаруна 2016 соналъ сахлъи цIуниялъул учреждениялъ гьабураб хIалтIул ва 2017 соналъ церечIарал масъалабазул бицана.**

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **ХIайбула ГIабдурахIманов.**

Данделъи рагьана ва 2016 соналъ сахлъи цIуниялъул учреждениялъ гьабураб хIалтIул, 2017 соналъ церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ доклад гьабуна районалъул больницаялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовас.** Гьес абуна: «Гумбеталда халкъалъул къадар цIикIкIун буго. 2015 соналъ 325 лъимер гьабун букIараб батани, 2016 соналъ



340 лъимер гьабун буго. 13 проценталъ дагьлъана хвел ккей, гьединго лъагIел бачIел ва тIадехун сонал рарал лъималазулъ хвел кIиго нухалъ гIодобе ккана», - ян.

Хадуб бетIерав врачас халкъалъе щибаб отделалъ медицинаялъул хъулухъ араб соналъ гьабиялъулъ рукIарал лъикIал рахъазул, гIунгутIабазул бицана.

Жидецаго гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна бетIерал специалистаз: терапевт **Камил Расуловас,** районалъул лъималазул врач **Марьям Жанахъаевалъ,** акушер-гинеколог **Мадина Къебедовалъ,** поликлиникаялъул нухмалъулев **ХIадис ГIалиевас.**

Хадуй кIалъазе яхъарай бетIерав врачасул гIуцIиялъулаб хIалтIул рахъалъ заместитель **Зайнаб Насрулаевалъ** абуна щибаб хъулухъалъул хIалтIи жеги лъикI гIуцIиялде, сахлъи цIуниялъул Министерствоялде ва цогидалги тIадегIанал идарабазде хIисабкьеял ва информациял хIадурулаго, мухIканлъи букIинабиялде кIвар буссинабизе хIажат бугилан.

Данделъиялда кIалъарав районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна сахлъи цIуниялъул Министерствоялъул коллегиялда райбольницаялъул хIалтIул хIасилал гьарулаго загьир гьарурал гIунгутIабазе ахир лъеялде кIвар кьезе ккелилан. Районалъул администрациялъ ва росабазул поселениязул бутIруз медицинаялъул учреждениязул хIалтIуе кумек гьабулеб бугилан ва хадубккунги рахъкквей букIине бугилан.

**«Гумбет» РИО**

